**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**Министерство образования и науки РСО-Алания**

Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
средняя общеобразовательная школа № 3 г. Алагира

**«УТВЕРЖДЕНА»**
**в составе содержательного раздела**
**ООП НОО**
Приказ № 104-ОД от 31.08.2024 г
Директор школы ____________ / Бугулова Л.А.

# Рабочая программа

по учебному предмету
**«Родной (осетинский) язык»**

**НАЧАЛЬНОЕ ОБЩЕЕ ОБРАЗОВАНИЕ**
**3 класс**

# КУСÆН ПРОГРАММÆ
# ДЗАМПАТЫ ЛАРИСÆЙЫ ЧИНЫГ «ИРОН ÆВЗАГ»-МÆ ( 3 КЪЛАС )

## Æмбарынгæнæн фыстæг

Кусæн программæ арæзт æрцыд ног стандарты домæнтæм гæсгææмæ ЮНЕСКО-йы кафедрæйы арæзт ахуырадон комплекты бындурыл. Ирон æвзагæн лæвæрд цæуы къуыри 1,5 сахаты (æдæппæт 51сахаты). Кæд æмæ райдайæн скъола бындур æвæры сывæллæтты алывæрсыг рæзтæн, уæд ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг арæзт у ахæм нысан æмæ хæстæ сæххæст кæнынмæ:

- цæмæй ахуырдзаутæ кæрæдзиимæ иронау дзурын сахуыр уой, уый тыххæй сын хъæуы сæ раст кæсыны, фыссыны æмæ хъуыды кæныны фæлтæрддзинад фидар кæнын:
- ахуырдзауты фысгæ ныхасы рæзтыл кусын, грамматикæйы фарстаты сæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырнын:
- сывæллæтты алывæрсыг хъомыладыл кусын мадæлон æвзаджы фæрцы.

Ахуыргæнæгæн бæрæггонд нысантæ сæххæст кæнын хуыздæр бантысдзæн кæсыны æмæ æвзаджы урокты.

Ахуырадон стандартты домæнтæм гæсгæ Уæрæсейы цæрæг алы адæмæн дæр йе ´взаджы кад се ´хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа. Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты размæ æвæрд ис бæрнон проблемæ - предметы ахуыр кæныны хъуыддаг фæхуыздæр кæнын. Уыцы нысан æнцондæр у райдайæн скъолайы æххæст кæнын.

**Ирон æвзаджы программæйы сæйраг идея** у скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.

**Ирон æвзаджы программæйы сæйраг хицæндзинад** – скъоладзаутæн комплексон æгъдауæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтæ раттын.

**Æвзагзонынады программæйы спецификон хицæндзинæдтæ:**

- мадæлон æвзагыл дзурыны нормативон арæхстдзинад: дзырдты растфыссынад æмæ растдзурынад, хъуыдыйæдты арæзт æмæ фыссынад.
- лингвистон компетенци: æвзаджы иуæгты системон ахуырад, сæ арæзт, зæлынад, фыссынад æмæ ныхасы.
- ныхасы компетенци: ныхас æмбарын æмæ дзы арæхстджынæй пайда кæнын хъуыдыйæдтæ аразгæйæ:

- коммуникативон компетенци: ӕвзагӕй пайда кӕныны фӕлтӕрддзинад ныхасы алыхуызон сферӕты (царды, ахуырады, официалон, социалон ӕмӕ культурон) рӕзын кӕнын
- культурон компетенци:
- лингвокультуроведческая (лингвокультурологическая) компетенция: изучение русского языка проводится на основе диалога национальной культуры с русской культурой с целью более глубокого понимания их обеих, а также русского языка и русской речи, созданных на русском языке произведений, для подготовки учащегося к межкультурной коммуникации и для его воспитания как поликультурной личности.

Программӕ домы, цӕмӕй ахуырдзаутӕ хицӕн кӕной мыртӕ ӕмӕ дамгъӕтӕ

Программӕ домы, цӕмӕй скъоладзаутӕ базоной тексты сӕйрагдӕр хъуыды рахицӕн кӕнын, уацмысы мидис хиныхӕстӕй радзурын, дзырдты нысаниуӕг зонын, текстӕн йӕ аивадон ӕууӕлтӕ рахатын; сахуыр уой хъуыды кӕнын, рӕза сӕ аивадон ӕнкъарынад, цымыдис ӕмӕ разӕнгард кӕной чиныг кӕсынмӕ.

## Ӕвзагзонынады программӕйы сӕйраг нысан:

- гуырын кӕнын уарзондзинад мадӕлон ӕвзагмӕ, куыд ӕппӕт ирон адӕмы культурӕйы ӕвдисӕнмӕ;
- ахуырдзаутӕм ирон ӕвзаджы арӕзт ӕмӕ функицоналон архайд алы сферӕты ӕмӕ ситуациты зонындзинӕдтӕ рӕзын кӕнын.

## Ӕвзагзонынады программӕйы сӕйраг хӕстӕ:

- ирон ӕвзагмӕ уӕлдай ахаст гуырын кӕнын, куыд ирон культурӕйы аивдӕр фӕзынд;
- разӕнгард кӕнын дзургӕ ӕмӕ фысгӕ ныхасы культурӕйы бындурон ахуырмӕ,
- раттын зонындзинӕдтӕ ирон ӕвзаджы нысанты системӕй йӕ арӕз ӕмӕ йӕ функцитӕ
- зонындзинӕдтӕй практикон ӕгъдауӕй пайда кӕнын литаретурон ӕвзагыл дзургӕ ӕмӕ фысгӕ ныхасы

# Универсалон ахуырадон архæйдтæ:

## Зоныдзинæдтæ райсынил архайд (познавательные):

Информаци агурын тексты, таблицæты, иллюстрациты, схемæты, компьютеры.
Кæсыны алыхуызтæй пайда кæнын: фактуалон, æмбæхст хъуыдытæ.
Анализ кæнын (сæйраг хъуыды хицæн кæнын, цæмæй арæзт у), хатдзæгтæ кæнын фактты бындурыл.
Фæзындтæ æмæ фактты къордтыл дих кæнын,информаци аразын (пъланы, тексты, таблицæйы, схемæйы хуызы).
Фактты, фæзындтæ, абстрактон æмбарынæдтæ кæрæдзиимæ барын.
Аххосæгтæ агурын æмæ сын хатдзæгтæ кæнын.
Ахуыргæнæджы æххуысæй, кæнæ хибарæй ассоциацитæ агурын, модельтæ аразын.

## Регулятивон универсалон архайд:

Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.
Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.
Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.
Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.
Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын.

## Коммуникативон универсалон архайд:

Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактæй æххæст кæнын.
Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгасимæ.
Диалогы архайын: искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын.
Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты авторимæ диалогы цæуын).
Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ текстты аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ).

Коммуникативон хæстæ сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын.
Къæйтты,къордты кусын(лидеры, критикы, æххæстгæнæджы ролы).
Конфликттæ мынæг кæнын, баныхас кæнын зонын, барын.

**Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**

Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.
Адæймаджы раконд хъуыддæгтæй хорз кæнæ æвзæр рахонæн кæцыйæн ис, уый æмбарын(афтæ хи хъуыддæгтæн дæр).
Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.
Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæ дзурын.
Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын, æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.
Иумæйаг  хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын.
Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын.
Хи æвзæр миниуджытæ зонын æмæ сын дзуапп дæттын (хи æфхæрын зонын, искæйы æфхæрд æмбарын дæхи раконд æвзæр хъуыддаджы тыххæй)

## Азы кæронмæ ахуырдзаутæ хъуамæ  базоной  æмæ  арæхсой:

- дзырдтæ алфавитон уагыл фыссын æмæ дзурынмæ;
- зыладамгъæтæ каллиграфион æгъдауæй раст фыссынмæ;
- дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ уæнггай хæссынмæ;
- хъæлæсон  æмхъæлæсонæй иртасын;
- зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ кæрæдзийæ иртасынмæ;
- сæрмагонд номдарты стыр дамгъæ фыссынмæ;
- дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ дзырдтæ раст фыссынмæ;
- мырон-дамгъон равзæрст кæнынмæ;
- дзырдты цавд æвæрынмæ;
- дзырдтæ сæ нысаниуджытæм гæсгæ хицæн кæнынмæ;
- номдартæ, миногонтæ, мивдисджытæ сæ фæрстытæм гæсгæ иртасынмæ

- хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ амонынмæ;
- хъуыдыйады кæрон хъæугæ нысан æвæрынмæ;
- хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
- дзырдтæ æмæ цыбыр хъуыдыйæдтæ фыссынмæ;
- тексты темæ бæрæг кæнынмæ æмæ йын сæргонд хъуыды кæнынмæ;
- тексты мидис хи ныхæстæй дзурынмæ.

## Тематикон пълан ( 3 кълас )

| № | Темæ | Сахæттæ | Боны нымæц |
|---|---|---|---|
| 1. | Дыккаг късласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. | 1 | |
| 2. | Мыртæ æмæ дамгъæтæ. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. | 1 | |
| 3. | ***Бацæуægæ контролон диктант*** | 1 | |
| 4. | Рæдыдтыл куыст. Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. | 1 | |
| 5. | Æмкъай зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. | 1 | |
| 6. | Æмкъай зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. | 1 | |
| 7. | Æмхъæлæсон г, к, (кк), къ-йы ивынад дж, ч (чч), чъ- йæ хъæлæсон ы-йы разæй. | 1 | |
| 8. | Æмхъæлæсон г, к, (кк), къ-йы ивынад дж, ч (чч), чъ- йæ хъæлæсон ы-йы разæй. | 1 | |
| 9. | Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 10. | Дзырды хæйттæ æмæ дзырдарæзт. Кæрон. | 1 | |
| 11. | Уидаг. Æмуидагон дзырдтæ. | 1 | |
| 12. | Фæсæфтуан. | 1 | |
| 13. | Уидаг æмæ разæфтуан. | 1 | |
| 14. | ***Административон контролон диктант.*** | 1 | |
| 15. | Рæдыдтыл куыст. Разæфтуан. | 1 | |
| 16. | Уидаг ама разæфтуан. | 1 | |
| 17. | Дзырды бындур. | 1 | |
| 18. | ***Контролон сфыст*** | 1 | |
| 19. | Рацыд æрмæг фæлхатын. | 1 | |
| 20. | Дзырды лексикон нысаниуæг. Бирæнысаниуæгон дзырдтæ. | 1 | |
| 21. | Синонимтæ. | 1 | |
| 22. | Антонимтæ. | 1 | |
| 23. | Ныхасы хæйттæ. Номдар, йæ иумæйаг нысаниуæг. Номдары ивынад нымæцтæм гæсгæ. | 1 | |
| 24. | Сæрмагонд æмæ иумæйаг номдартæ. Стыр дамгъæ сæрмагонд номдарты. | 1 | |
| 25. | ***Диктант «Стыр дамгъæ сæрмагонд номдарты»*** | 1 | |
| 26. | Рæдыдтыл куыст.Номдарты кæрæтты ивынад æндæр дзырдтимæ | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | бастæй. | | |
| 27. | Рацыд æрмæг фæлхатын. | 1 | |
| 28. | Миногон, йæ иумæйаг нысаниуæг. | 1 | |
| 29. | Миногонтæ сæ æууæлтæм гæсгæ иртасын. Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд миногонтæ. | 1 | |
| 30. | ***Диктант «Миногон»*** | 1 | |
| 31. | Рæдыдтыл куыст.Мивдисæг, йæ иумæйаг нысаниуæг. | 1 | |
| 32. | Мивдисæджы ивынад нымæцтæм гæсгæ. | 1 | |
| 33. | Мивдисæджы ивынад афонтæм гæсгæ. | 1 | |
| 34. | Мивдисæджы æбæлвырд формæ фасафтуан -ын-има. | 1 | |
| 35. | Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд мивдисджытæ. | 1 | |
| 36. | Сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг æмæ ныхмæвæрд мивдисджытæ. | 1 | |
| 37. | ***Диктант «Мивдисæг»*** | 1 | |
| 38. | Рæдыдтыл куыст.Хъуыдыйады хуызтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ. | 1 | |
| 39. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | 1 | |
| 40. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | 1 | |
| 41. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ фæрстытæм гæсгæ иртасын. | 1 | |
| 42. | Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 43. **4** | Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. | 1 | |
| 44. | ***Административон контролон диктант ( афæдз*** ) | 1 | |
| 45. | Рæдыдтыл куыст.Хъуыдыйады мидæг дзырдты кæрæдзиуыл бастдзинад | 1 | |
| 46. | Хъуыдыйады мидæг дзырдты кæрæдзиуыл бастдзинад | 1 | |
| **47-51.** | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын. | 5 | |